

**PIWULANG MORAL SAJRONE CARIYOSIPUN PAMBALANG TAMAK  
ANGGITANE SUYITNA MARTAATMAJA  
(TINTINGAN SOSIOLOGI SASTRA)**

**Dwi Ratnaningsih**

S-1 Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA dan [dwiratna035@gmail.com](mailto:dwiratna035@gmail.com)

**Pembimbing**

**Dra. Hj. Sri Wahyu Widayati, M.Si.**

Dosen Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, FBS, UNESA

**Abstrak**

*Cariyosipun Pambalang Tamak* (CPT) yaiku sawijine kasusastran kang kalebu kasusastran Jawa klasik. Kasusastran CPT diripta dening Raden Suyitna Martaatmaja lan dicap Bale Pustaka dhek taun 1921. Kasusastran CPT dumadi saka 16 (nem belas) perangan irah-irahan lan katulis nggunakake aksara Jawa. Panliten kanthi objek kasusastran CPT narik kawigaten amarga akeh piwulang moral kang diwedhar saka paraga lan pamaragane.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, undere panliten iki yaiku 1) kepriye gegambaran masyarakat sajrone CPT?; 2) kepriye piwulang moral kang kinandhut sajrone CPT; 3) apa wae piwulang moral kang kena kanggo patuladhan sajrone CPT?. Tujuan panliten iki yaiku 1) njlentrehake gegambaran masyarakat sajrone CPT; 2) njlentrehake piwulang moral kang kinandhut sajrone CPT; 3) njlentrehake piwulang moral kang kena kanggo patuladhan sajrone CPT.

Panliten iki kalebu jinise panliten kualitatif kanthi nggunakake tintingan sosiologi sastra mligine sosiologi karya sastra kang diandharake dening Wellek lan Warren. Metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku kasusastran CPT anggitane Suyitna Martaatmadja, dene dhatane yaiku sekabehane tembung lan wacana sajrone CPT. Carane nglumpukake dhata nggunakake teknik pustaka lan transliterasi. Instrumen kartu dhata dadi sarana kanggo nglumpukake dhata.

Asile panliten iki nuduhake gegambaran masyarakat sajrone CPT lan piwulang moral. Gegambaran masyarakat sajrone CPT diperang dadi loro yaiku 1) golongan masyarakat sajrone CPT lan 2) religiusitas masyarakat sajrone CPT. Golongan masyarakat sajrone CPT ing antarane 1) golongan wong priyayi lan 2) golongan wong cilik, dene religiusitas masyarakat sajrone CPT yaiku slametan. Piwulang morale ana 20, yaiku 1) wicaksana; 2) seneng nulung; 3) menahi pitutur kang becik; 4) taberi; 5) ngajeni liyan; 6) setya lan tanggungjawab; 7) netepi janji; 8) amanah; 9) julig; 10) nyebel kasusilan; 11) seneng ngapusi lan gampang diapusi; 12) mblenjani janji; 13) ngebreh utawa boros; 14) srei; 15) mutung; 16) umuk; 17) nyolong; 18) ora ngreti subasita; 19) sujana; 20) dhendham. Piwulang moral kasebut bisa diperang dadi loro yaiku 1) moral kang kena kanggo patuladhan lan 2) moral kang ora kena kanggo patuladhan.

Tembung wigati: piwulang moral, kasusastran Jawa klasik.

**Abstrak**

*Cariyosipun Pambalang Tamak* (CPT) merupakan karya sastra yang tergolong karya sastra pada periode Jawa klasik. Karya sastra CPT dikarang oleh Raden Suyitna Martaatmadja dan diterbitkan penerbit Balai Pustaka pada tahun 1921. Karya sastra CPT terdiri atas 16 (enam belas) sub-judul dan dicetak menggunakan aksara Jawa. Penelitian dengan karya sastra CPT menari untuk diteliti karena banyak ajaran moral yang digambarkan oleh tokoh-tokohnya.

Berdasarkan penjelasan di atas, rumusan masalah dalam penelitian ini yaitu 1) bagaimana keadaan masyarakat di dalam CPT; 2) bagaimana ajaran moral yang terkandung dalam CPT?; 3) apa saja ajaran moral yang bisa dicontoh di dalam CPT?. Tujuan penelitian ini yaitu 1) menjelaskan keadaan masyarakat di dalam CPT; 2) menjelaskan ajaran moral yang terkandung dalam CPT; 3) menjelaskan ajaran moral yang bisa dicontoh di dalam CPT.

Penelitian ini termasuk jenis penelitian kualitatif dengan menggunakan kajian sosiologi sastra khususnya sosiologi karya sastra yang dijelaskan oleh Wellek lan Warren. Metode yang digunakan yaitu metode kualitatif deskriptif. Sumber data dalam penelitian ini yaitu karya sastra CPT karangan Raden Suyitna Martaatmaja, sedangkan datanya yaitu kata dan wacana yang terdapat dalam CPT. Teknik pustaka dan transliterasi sebagai teknik untuk mengumpulkan data dan Instrument kartu dhata untuk membantu mengumpulkan data.

Hasil penelitian ini menunjukkan keadaan masyarakat dan ajaran moral yang terkandung dalam CPT. Keadaan masyarakat dalam CPT bisa dibagi dua yaitu 1) golongan masyarakat dalam CPT dan 2) tradisi masyarakat dalam CPT. Golongan masyarakat dalam CPT antara lain 1) golongan *priyayi* dan 2) golongan *wong cilik*, sedangkan tradisi masyarakat dalam CPT yaitu selamatan. Ajaran moral tersebut ada 20 yaitu 1) bicaksana; 2) suka menolong; 3) memberi nasehat yang baik; 4) hemat; 5) menghargai orang lain; 6) setia dan tanggungjawab; 7) menepati janji; 8) amanah; 9) licik; (10) melanggar tindakan susila; 11) senang membohongi dan mudah dibohongi; 12) ingkar janji; 13) boros; 14) iri; 15) putus asa; 16)

sombong; 17) suka mencuri; 18) tidak mengerti sopan-santun; (19) berburuk sangka; 20) dendam. Ajaran moral tersebut bisa dibagi dua yaitu 1) moral yang patut dicontoh dan 2) moral yang tidak patut dicontoh.

Kata Kunci: ajaran moral, kesusastraan Jawa klasik.

## PURWAKA

Kasusastran yaiku salah sijine wujud asil pamikirane manungsa, dene manungsa kang ngripta sawijine kasusastran diarani pangripta. Kasusastran tegese kawruh kang diwedhar nggunakake basa kang endah, dene kang diarani kasusastran Jawa yaiku bab-bab kang nuduhake kaendahane basa Jawa (Padmosoekotjo, 1955:8). Saliyane iku, Padmosoekotjo (1955:8) uga ngandharake titikane kasusastran Jawa yaiku: 1) kang tinulis ing buku utawa layang, uga kang diucapake mawa lesan, 2) ora mung tinulis nggunakake sastra Jawa, nanging uga kang tinulis nggunakake aksara liya kayata aksara latin, Arab, lan liya-liyane, 3) ora mung kang rinipta dening wong Jawa asli, nanging uga kang diripta dening wong manca, lan 4) ora mung kang kababar ing tanah Jawa utawa Indonesia, nanging uga kang kababar (dicap) ing negara manca.

Kasusastran Jawa miturut pangrembakane kaperang dadi telung periodhe yaiku, kasusastran Jawa kuna, kasusastran Jawa tengahan, lan kasusastran Jawa anyar (Suwarni, 2013:1). Kasusastran Jawa Kuna yaiku periodhe kasusastran wiwit abad sanga nganti pemerintahan Majapahit, kasusastran Jawa tengahan wiwit zaman Singasari nganti runtuhe pamarintahan Majapahit, dene kasusastran Jawa anyar diwiwiti mlebu Islam ing Tanah Jawa tumenake saiki. Asil kasusastran saka saben-saben periodhe kasusastran yaiku: 1) periodhe kasusastran Jawa Kuna arupa kakawin kang nggunakake basa Kawi lan akeh-akehe oleh pangaribawa saka kasusastran India, 2) periodhe kasusastran Jawa Pertengahan arupa prosa lan kidung. 3) periodhe kasusastran Jawa anyar arupa prosa, geguritan, drama, cerita cerkak, novel, lan liya-liyane.

Periodhe kasusastran Jawa anyar isih kena diperang dadi loro, yaiku kasusastran Jawa klasik lan kasusastran Jawa modern. Kasusastran Jawa klasik yaiku kasusastran kang ngrembaka wiwitan abad 19 nganti tumekane jaman kamardikan, dene kasusastran Jawa modern yaiku kasusastran kang ngrembaka wiwit jaman kamardikan taun 1945 tumekane saiki (Rass, 1985:8-20). Kasusastran Jawa Klasik minangka kasusastran kang nggunakake basa Jawa anyar nanging katulis mawa aksara Jawa utawa pegon. Judhul-judhul kasusastran Jawa klasik kayata Cariyos Bab Lampah-lampahanipun Raden Mas Arya Purwa Lelana anggitané M. A. Candranegara cap-capan taun 1865, Serat Warnabasa anggitané Ki Padmasusastra taun 1900, lan Cariyosipun Pambalang Tamak anggitané Raden Suyitna Martaatmaja taun 1921 (Rass, 1985:8-9).

Cariyosipun Pambalang Tamak (sabanjure sinebut CPT) yaiku salah sijine kasusastran koleksi Perpustakaan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Negeri

Surabaya. Cariyosipun Pambalang Tamak diripta dening Raden Suyitna Martaatmaja lan cap-capan Balai Pustaka taun 1921 (RAS, 1985:11-12). CPT tinulis kanthi nggunakake basa krama lan aksara Jawa, wujud prosa lan dumadi saka 118 kaca. Kahanane teks CPT kang ana ing Perpustakaan Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah, Universitas Negeri Surabaya iki kena diarani mrihatinake, sanadyan kasimpen ing perpustakaan nanging kena diarani wis ora wutuh. Sabageyan perangan ngarep kang ngandharake sapa lan kapan teks kasebut cinithak wis amoh, sing genah mung sapa pangriptane lan kang nerbitake.

Kasusastran Jawa klasik kanthi irah-irahan CPT minangka prosa Jawa kang dumadi saka 16 bageyan (sub-judhul) kang nyritakake lelakone paraga Pambalang Tamak minangka punggawa ing Tanah Bali. Pambalang Tamak dicritakake dadi wong kang ala tumindake, seneng ngabotohan, mitenah wong liya, lan tumindak ala liyane. Sanadyan punggawa, ananging tumindake ora kena tiniru. Adhedhasar lelakone Pambalang Tamak kang dicritakake ing saben-saben sub-judhul mau akeh-akehe nuduhake bab-bab kang gegayutan karo piwulang moral. Mula saka iku, bab kang ndadekake CPT narik kawigaten kanggo diteliti yaiku amarga ngandhut piwulang moral kang kena kanggo kaca benggala sajrone panguripan saben dina. Saliyane iku CPT durung ana sing nлити, lan isih durung akeh panliten kang njupuk obyek kasusastran Jawa klasik, apa maneh kang tinulis nggunakake aksara Jawa. Panliten kanggo ngonceki piwulang moral kang kinandhut sajrone CPT iki nggunakake tintonan sosiologi sastra. Tintonan sosiologi sastra digunakake kanggo ngonceki kahanan (gegambaran) masyarakat kang tinemu sajrone CPT kang ngandhut piwulang moral. Sosiologi sastra yaiku salah sawijine pendhekatan kang nganggep yen kasusastran nduweni sesambungan kang raket klawan masyarakat. Bab kasebut sinengkuyung dening andharane Luxemburg (1989:23) yen sastra nuduhake kahanan sosial. Pangripta kang ngasilake kasusastran urip satengahe masyarakat lan kadhangkala anggone ngripta kasusastran adhedhasar kahanan sosial kang dumadi ing sakiwa tengene, utawa adhedhasar pamikiran kritis saka kahanan sosial kang ana. Mula, tintonan sosiologi sastra paling trep kanggo ngonceki kahanan masyarakat kang dicritakake pangripta sajrone kasusastran CPT. Kahanan masyarakat kasebut nuduhake anane piwulang moral kang kudu diwedhar supaya piwulang kang becik bisa dituladha dene piwulang kang ala kudu disingkirake.

Tintonan intrinsik uga bakal digunakake kanggo nyengkuyung tintonan sosiologi supaya bisa ngonceki

piwulang moral kanthi luwih jero lan gamblang. Tintingan intrinsik tujuwane kanggo njlentrehake aspek intrinsik kasusastran kayata tema, alur, konflik, paraga lan pamaragan, latar, lan basa. Aspek-aspek intrinsik mau kang bakal nuduhake anane piwulang moral sajrone CPT. Adhedhasar lelandhesan panliten ing ndhuwur, sing dadi undheran panliten yaiku: 1) kepriye gegambaran masyarakat sajrone CPT?, 2) kepriye piwulang moral kang kinandhut sajrone CPT?, 3) apa wae patuladhan moral sajrone CPT. Tujuwan saka panliten iki yaiku: 1) njlentrehake gegambaran masyarakat sajrone CPT, 2) njlentrehake piwulang moral kang kinandhut sajrone CPT, 3) njlentrehake patuladhan moral sajrone CPT.

## **METODHE**

### **Ancangan Panliten**

Panliten iki mujudake panliten kualitatif. Panliten kualitatif yaiku salah sawijine panliten kanggo ngonceki makna sajrone dhata (Sugiyono, 2014:3). Metodhe kang digunakake yaiku metodhe dheskriptif. Metodhe dheskriptif nduweni tujuwan kanggo menahi dheskripsi saka dhata kang arupa tembung utawa ukara. Dhata kang diasilake saka metodhe dheskriptif dudu arupa angka-angka ananging arupa tembung utawa gambar (Sugiyono, 2014:9). Dhata kang diasilake saka metodhe dheskriptif dudu arupa angka-angka ananging arupa tembung utawa gambar (Sugiyono, 2014:9). Panliten iki uga nggunakake pamarekan sosiologi sastra. Pamarekan sosiologi sastra digunakake kanggo mawas prekara-prekara sosial kang kinandhut sajrone CPT. Saliyane iku, tintingan unsur intrinsik digunakake kanggo ngonceki perangan intrinsik sajrone kasusastran. Adhedhasar unsur intrinsik mau bakal diolehi piwulang moral kang kinandhut sajrone CPT.

### **Dhata dan Sumber Dhata**

Sumber dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku CPT, dene dhata kang digunakake yaiku sekabehane ukara kang ana sajrone CPT. Sumber dhata sajrone panliten iki yaiku CPT kang sumimpen ana Perpustakaan Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Universitas Negeri Surabaya. Kasusastran CPT diripta dening Raden Suyitna Martaatmaja lan dicithak dening Balai Pustaka. Perangan ngarep kang amoh ora nuduhake tahun cap-capane CPT, ananging adhedhasar andharane RAS (1985:11-12) bisa diweruhi yen CPT dicap taun 1962.

Dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku sekabehane tembung lan ukara kang ana ing CPT. CPT awujud gancaran lan tinulis kanthi nggunakake aksara Jawa, dumadi saka 118 kaca lan 16 (nem belas) perangan judhul, yaiku: 1) dipuntilar pejah dening bapakkipun lajeng dados bagawan, 2) Pambalang Tamak kakendelaken saking pangkat bagawan, 3) tiyang dhusun kalebet ing loropan, 4) Guru Gendruwo, 5) Pambalang Tamak mitenah tiyang-

tiyang ing peken, 6) ayam angrem, 7) madumangsa, 8) pamenang ing ambebedhag, 9) Lumban, 10) Pambalang Tamak ngapusi Sang Prabu, 11) griyanipun Pambalang Tamak kadhawuhan ngisingi, 12) ngelih bale bandhung, 13) Pambalang Tamak katundhung dhateng ing sanes nagari, 14) Pambalang Tamak katundhung sarana nyabrang ing saganten, 15) Pambalang Tamak dipunracun, 16) Sang Prabu nemahi desa sarta kramatipun Pambalang Tamak. Dhata-dhata kasebut sing bakale digunakake kanggo ngonceki piwulang moral sajrone CPT.

### **Instrument Panliten**

Instrumen panliten sajrone panliten iki diperang dadi loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Sugiyono (2010:2) ngandharake yen instrumen yaiku piranti kang digunakake kanggo nglumpukake dhata. Instrumen utama sajrone panliten iki yaiku panliti, dene instrumen tambahan kanggo nyengkuyung panliten iki yaiku kartu dhata. Kartu dhata digunakake kanggo nyathet dhata kang kasil ditemokake. Kartu dhata digawe saka kertas bufalo maneka warna lan kanthi ukuran 15 cm x 20 cm. Kertas bufalo werna ijo digunakake kanggo nyathet dhata kang nuduhake unsur intrinsik yaiku alur, werna kuning digunakake kanggo nyathet dhata kang nuduhake unsur intrinsik yaiku konflik, lan werna abang jambon digunakake kanggo nyathet dhata kang nuduhake unsur intrinsik yaiku paraga lan pamaragan.

### **Tata Cara Nglumpukake Dhata**

Tatacara nglumpukake dhata kang digunakake yaiku teknik pustaka. Teknik pustaka yaiku salah sawijine cara nglumpukake dhata kanthi nggunakake sumber kang awujud tulisan. Siswanto (2010:74) ngandharake yen carane nglumpukake dhata ora mung sepisan ananging bisa dibaleni supaya ngasilake dhata kang akurat. Saliyane teknik pustaka, tatacara nglumpukake dhata sajrone panliten iki uga nggunakake teknik transliterasi. Teknik transliterasi yaiku teknik kanggo ngganti sawijine aksara menyang aksara tartamtu supaya bisa dingerteni isine (Purnomo, 2013:101). Teknik transliterasi kang dicakake menyang CPT yaiku kanggo ngganti aksara Jawa menyang aksara latin. Siswanto (2010:74) ngandharake tata cara nglumpukake dhata yaiku: 1) nglumpukake dhata kanthi nggunakake kartu dhata, 2) idhentifikasi dhata, 3) njlentrehake dhata, 4) menahi dudutan.

### **Tata cara Ngolah Dhata**

Teknik kanggo ngolah dhata yaiku teknik open coding, yaiku panliti nglumpukake dhata saakeh-akehe kang sesambungan karo topik panliten saka objek kang diteliti. Pangetrape teknik open coding ngliputi proses ngrinci, mriksa, mbadhingake, ngonseptualisake, lan nggolongake dhata (Purnomo, 2013:136).

Adhedhasar pangetrape teknik open coding, mula tatacara nganalisis dhata ing panliten iki yaiku:

- 1) Nglumpukake, ngrinci lan mriksa sekabehe bab kang sesambungan karo unsur intrinsik lan piwulang moral kang kinandhut sajrone CPT.
- 2) Nggolongake dhata kang wis diklumpukake adhedhasar tema, alur, konflik, paraga lan pamaragan, piwulang moral. Piwulang moral kang ditemokake isih diklompokake maneh menyang piwulang moral becik lan piwulang moral ala.
- 3) Nganalisis unsur intrinsik lan piwulang moral kang wis diklumpukake.
- 4) Menehi dudutan ngenani piwulang moral kang kinandhut sajrone CPT.

## ANDHARAN

### Dheskripsi CPT

Cariyosipun Pambalang Tamak (CPT) mujudake kasusastran Jawa klasik kang terbit taun 1921 lan cinithak dening Bale Poestaka. Kasusastran CPT sumimpen ana ing Perpustakaan Jurusan Pedhidhikan Basa Dhaerah, Universitas Negeri Surabaya. Pangriptane yaiku Raden Sujitna Martaatmadja. Andharan ngenani irah-irahan lan pangriptane bisa diweruhi saka samak ngarep kang tinulis nggunakake aksara Jawa, dumadi saka 118 kaca lan 16 (nem belas) perangan judhul, yaiku: 1) dipuntilar pejah dening bapakipun lajeng dados bagawan, 2) Pambalang Tamak kakendelaken saking pangkat bagawan, 3) tiyang dhusun kalebet ing loropan, 4) Guru Gendruwo, 5) Pambalang Tamak mitenah tiyang-tiyang ing peken, 6) ayam angram, 7) madumangsa, 8) pamenang ing ambebedhag, 9) Lumban, 10) Pambalang Tamak ngapusi Sang Prabu, 11) griyanipun Pambalang Tamak kadhawuhan ngisingi, 12) ngelih bale bandhung, 13) Pambalang Tamak katundhung dhateng ing sanes nagari, 14) Pambalang Tamak katundhung sarana nyabrang ing saganten, 15) Pambalang Tamak dipunracun, 16) Sang Prabu nemahi desa sarta kramatipun Pambalang Tamak.

Alur sajrone CPT digambarake lumantar bagan ing ngisor iki:



Lambang A nuduhake tahap alur yaiku *tahap awal*. *Tahap awal* lumrahe nuduhake mula bukane sawijine crita, nyritakake para paraga dalah wewatekane, latar lan mula bukane konflik kang bakal dumadi ing crita kasebut. *Tahap awal* sajrone CPT bisa diweruhi saka irah-irahan

kapisan yaiku dipuntilar pejah dening bapakipun lajeng dados bagawan. Lambang B nuduhake tahap alur yaiku *tahap tengah*. *Tahap tengah* nyritakake reroncene konflik kang dumadi sajrone crita. *Tahap tengah* sajrone CPT bisa diweruhi saka perangan irah-irahan kapindho nganti lima las. Sekabehane perangan irah-irahan mau isen-isene yaiku ngenani konflik kang dumadi antarane Pambalang Tamak lan rakyat ing nagara Karangasem. Tahap sabanjure yaiku *tahap akhir*. *Tahap akhir* diwenehi lambang C. *Tahap akhir* sajrone CPT bisa diweruhi saka perangan irah-irahan nem belas kang nyritakake patine Sang Prabu lan tata cara pangubure.

Sekabehane perangan irah-irahan sajrone CPT nyritakake lelakone Pambalang Tamak. Paraga sajrone kasusastran diperang dadi loro, paraga utama lan paraga panyengkuyung. Paraga utama sajrone CPT yaiku Pambalang Tamak. Paraga panyengkuyung sajrone CPT yaiku Bapake Pambalang Tamak, Bojone Pambalang Tamak, Sang Prabu, Sang Prameswari, Wong ing peken, Wong Dhusun, Bojone Wong Dhusun, Sang Patih, Para Punggawa, Para Abdi, Mbok Randha, lan Para Durjana.

Saben paraga lan wewatekane bisa nuwuhake maneka warna konflik. Konflik kang dumadi ing antarane yaiku konflik batin lan konflik sosial. Konflik batin yaiku konflik kang dumadi sajrone ati lan pikirane paraga sajrone crita, dene konflik sosial kang dumadi amarga anane *kontak sosial* antarane paraga sajrone crita. Konflik sosial kang dumadi sajrone CPT yaiku:

- 1) Konflik antarane Pambalang Tamak lan Sang Prabu. Konflik kasebut bisa diweruhi saka perangan irah-irahan nomer loro, pitu, wolu, sanga, suwelas, rolas, telulas, patbelas lan limalas.
- 2) Konflik antarane Pambalang Tamak lan Wong dhusun. Konflik kasebut bisa diweruhi saka perangan irah-irahan nomer telu lan papat.
- 3) Konflik antarane Pambalang Tamak lan Wong ing pasar. Konflik kasebut bisa diweruhi saka perangan irah-irahan nomer lima.
- 4) Konflik antarane Pambalang Tamak lan rakyat ing Karangasem. Konflik kasebut bisa diweruhi saka perangan irah-irahan nomer nem, pitu, lan wolu.
- 5) Konflik antarane Pambalang Tamak lan Punggawa. Konflik kasebut bisa diweruhi saka perangan irah-irahan nomer suwelas, telulas, patbelas lan limalas.

### Gegambaran Masyarakat sajrone CPT

CPT malah nggambarake kahanan masyarakat Jawa. Bab kasebut adhedhasar asal-usule kasusastran CPT kang diripta dening wong Jawa yaiku Raden Suyitna Martaatmaja lan sumebar ing Pulo Jawa, cithakan Bale Pustaka taun 1921. Saliyane iku, basa kang digunakake

sajrone kasusastran CPT yaiku basa Jawa lan cinithak nggunakake aksara Jawa. Gegambaran masyarakat kang tinemu sajrone CPT kayata golongan masyarakat lan tradhisi masyarakat.

Golongan masyarakat Jawa kang kinandhut sajrone CPT bisa diperang dadi loro yaiku golongan priyayi lan golongan wong cilik. Masyarakat Jawa kang kalebu golongan priyayi yaiku golongan pegawe lan golongan intelektual (Suseno, 2003:12). Golongan pegawe yaiku masyarakat kang nyambut gawe ana ing instansi pemerintahan pusat utawa perangkat desa, guru, pegawe kantor pos lan liya-liyane. Golongan priyayi kang nyambut gawe ing instansi pemerintahan bisa ditemokake ing pusat kutha gedhe kayata ing Jakarta, Surabaya, Semarang, lan Yogyakarta. Saliyane iku, golongan intelektual uga kalebu golongan priyayi awit golongan priyayi nduweni *penghasilan* gedhe saengga bisa namatake sekolah nganti perguruan tinggi utawa paling ora tamat sekolah menengah atas. Golongan priyayi uga katemokake sajrone masyarakat ing CPT kaya punggelan (1) nganti (3) ing ngisor iki:

- (1) ing tanah Bali pesisir kidul wétan, wonten Bagawan satunggal, sampun dhudha, gadhah anak jaler sampun diwasa, nama Pambalang Tamak Wiwit nalika samanten Pambalang Tamak kéndel anggéné nguja pakaremanipun, marem ningali bandha kathah titilaraning tiyang sepuhipun. Lajeng rabi, angsal anak priyantun tur sugih (CPT, 1, kaca 1).
- (2) Kacariyos Sang Prabu ing Karangasem, sampun dipununjuki uninga yén Pambalang Tamak sampun tobat (CPT, 1, kaca 6),
- (3) Punggawa sepuh kéndel sawatawis dangunipun, nunten matur: Kajawi dipunparingi yatra sakedhik, kawajibaken ngrembat tedhanipun tiyang ingkang sami mantuk nyambut damel saking wana, sampun boten wonten malih-malih (CPT, 4, kaca 49).

Punggelan (1) nuduhake anane golongan priyayi kang sinebut Bagawan. Bagawan yaiku sesebutane wong suci (Poerwadarminta, 1939:24). Golongan priyayi liyane kang kinandhut sajrone CPT yaiku paraga Sang Prabu kaya punggelan (2). Prabu yaiku sesebutan kanggo panggedhe ing kraton (Poerwadarminta, 1939:513). Prabu kalebu golongan priyayi amarga turunan ningrat. Saliyane Bagawan lan Sang Prabu, paraga Punggawa ing punggelan (3) uga kalebu ing golongan priyayi. Punggawa yaiku abdi dalem kang monjo, kayata senopati, utawa sesebutane wong kang mergawe ing kantor desa. Punggawa ing masyarakat modhern kerep sinebut prabot desa, dene kang kalebu golongane punggawa yaiku merbot, naib, modin, mantri, uceng, pulisi, lan sapanunggalane.

Masyarakat Jawa kang kalebu golongan wong cilik yaiku wong tani lan buruh pabrik ing kutha gedhe (Suseno,

2003:12). Golongan wong cilik sajrone CPT bisa diweruhi saka punggelan (4) nganti (6) ing ngisor iki:

(4) Tiyang dhusun wau kalebet tiyang tani utun, kajawi nyambut damel tuwin anggemeni yatra sampun boten malih-malih (CPT, 2, kaca 16-17).

(5) Boten dangu kori ning griya menga, durjana nenem lumebet sasarengan, wonten ingkang nyepengi Pambalang Tamak éstri, wonten malih ingkang madosi barang-barang ingkang pangaos (CPT, 16, kaca 112).

(6) Sang Prabu welas mriksani wujuding Pambalang Tamak, kera sanget ngantos boten gadhah kekiyatan. Lajeng dhawuh dhateng abdi, nyadiakaken tetedhan, kasukana dhateng Pambalang Tamak (CPT, 1, kaca 6).

Paraga Wong dhusun dicritakake nduweni penggaweyan minangka wong tani. Wong dhusun nduwe sawah lan tegalan kang dienggo nandur pari lan palawija. Senajan kaya mangkono, Wong dhusun sregep nyambut gawe kang marakake sugih. Paraga durjana uga dadi salah sijine paraga kang kalebu golongane wong cilik. Bab kasebut amarga paraga durjana kuwi ora nduwe penggaweyan maton apa maneh bandha donya, mulane durjana uga kalebu golongane wong cilik. Saliyane iku, Pambalang Tamak kang sadurunge kalebu golongan priyayi uga tau dadi wong cilik. Kahanan kasebut bisa diweruhi nalika Pambalang Tamak tiba mlarat. Bandha donyane entek mung dienggo ngabotohan.

Gegambaran masyarakat kang tinemu sajrone CPT saliyane golongan masyarakat yaiku tradhisi masyarakat. Masyarakat Jawa misuwur amarga tradhisi kang tansah diugemi. Wiwit mbiyen nganti saiki, masyarakat Jawa tetep ngopeni lan nglestarekake kabudayan mau. Bab kasebut amarga ana saperangan kabudayan kang migunani tumrap panguripane manungsa. Salah sijine kabudayan mau yaiku slametan. Slametan asale saka tembung slamet. Tujuwan slametan yaiku supaya luput saka bebaya. Slametan uga ditemokake sajrone kasusastran CPT kaya punggelan (7) ing ngisor iki:

(7) Pambalang Tamak mangsuli atur: Gusti, saréhné kalangkungan adalem langka sanget wontenipun, sampun timbangipun yén panjenengan dalem numbasa kanthi regi awis. Panumbas wau boten adalem suwun wargi yatra, namung panjenengan dalem adalem aturi wilujengan, maringi nedha sarana ambruwah dhateng kawula dalem sadaya. Menggah perlunipun, sapisan ngaturi dahar dhateng Hyang ingkang murbeng jagat, nglestantuna anggén adalem badhé ngedalaken kanuragan. Kaping kalih sih kadarman dalem kasaksén ing para kawula sadaya, dados saged manjurung puji murih kalaksanaan

punapa ingkang panjenengan dalem karsakaken (CPT, 12, kaca 86).

Gegambarane slametan sajrone CPT ditindakake paraga Pambalang Tamak. Slametan diwujudake kanthi nyedhiyani panganan kanggo rakyat Karangasem. Sejatine tujuwan utamane yaiku njejaluk marang Hyang Kang Murbeng Jagad supaya kajat sing lagi ditindakake diwenehi kalancaran lan berkah, ananging kanthi cara mangkono sekabehane rakyat Karangasem gelem tumandang gawe melu ngewangi ngelih bale bandhung.

### **Piwulang Moral sajrone CPT**

Gegambarane tumindake paraga sajrone CPT nuduhake anane piwulang moral. Piwulang moral kang tinemu kaya jlentrehan ing ngisor iki.

#### **1) Wicaksana**

Wicaksana yaiku awas lan waskitha, bisa nganggo budine kalawan bener (Poerwadarminta, 1939:672). Wicaksana bisa diweruhi saka sikap lan tumindak sajrone ngadhepi prakara. Pawongan kang wicaksana sajrone CPT digambarake lumantar paraga Sang Prabu. Bab kasebut bisa diweruhi saka punggelan (8) ing ngisor iki:

(8) Sang Prabu ngandika: Pambalang Tamak, satemené ingsun seneng banget ngabdékake ing sira. Kuwi wadéné sira tansah, kasarung laku sira kang ora patut, ora timbang pisan-pisan karo pangkat kang bakal sun gancaraké yaiku pangkat Bagawan minangka tuwa-tuwa lan dadi patakonané wong sanagara kéné kabeh. Balik saiki sira wus naton tobat, pangkat kang wus masthi dadi bubuhanira uga bakal sun paringaké. Kapriyé Pambalang Tamak karep ira, apa gelem nampani, apa ora. Yén gelem, ngestarekna tobat ira iku, dikaya alakuné bapakira biyen (CPT, 1, kaca 7).

Sang Prabu yaiku Raja ing Negara Karangasem, Bali, kang dicritakake sajrone CPT. Kawicaksanane Sang Prabu bisa diweruhi saka punggelan (8), nalika angapura sawijine wong kanthi jeneng Pambalang Tamak.

#### **2) Seneng nulung**

Nulung yaiku aweh pambiyantu marang liyan (Poerwadarminta, 1939:350). Sifat seneng nulung sajrone CPT disandang dening Sang Prameswari. bisa diweruhi saka punggelan (9) ing ngisor iki:

(9) Sang Prameswari gegetun sanget, lajeng dhawuh dhateng abdi kaparak, kadhawuhan maringi yatra tuwin monten sacekapipun, sampun ngantos Pambalang Tamak éstri kasusahan margi kikirangan waragad. Pambalang Tamak éstri matur nuwun sanget, lajeng pamit mantuk ugi kalilan (CPT, 10, kaca 73).

Sang Prameswari, bojone Sang Prabu uga nduweni sifat seneng nulung. Punggelan (9) nuduhake kawelasane Sang Prameswari marang bojone Pambalang Tamak. Nalika iku, dheweke mara menyang papane Sang Prameswari, ngandharake yen ora nduwe dhuwit kanggo ngramut mayite Pambalang Tamak. Sang Prameswari rumangsa welas, nuli mrentah abdi kraton supaya menahi dhuwit lan mori.

#### **3) Menehi pitutur kang becik**

Pitutur yaiku pepeling, nasehat, utawa pamrayoga kang becik supaya ora nindakake prekara kang ora pantes (Poerwadarminta, 1939:499). Paraga sajrone CPT kang seneng menehi pitutur yaiku Bapake Pambalang Tamak, kaya punggelan (10) ing ngisor iki:

(10) Nalika ngajengaken badhé pejah, anakipun dipunundang, dipunwicanteni makaten: Tolé, saiki kowé daktinggal, rasa ning ati kaya-kaya ora suwé manéh aku bakal mati, ...., ing saungkurku kowé nuli rabia. Ngadat wong kang wus mengku somah mangkono sarwo suda mubarang kakarepané. Wuwuh-wuwuh yén wus duwé anak, .... Marem nyawang anaké baé. Wruh anamu, enggér, wong kang kabanjur-banjur nguja pakaremaning ati iku bakal ora salamet uripé, .... Pangarep-arep, pakareman kang wus kotindakake iku kudu sanen, ing sakawa sacandheten nganti ilang babar pisan (CPT, 1, kaca 1-2).

Punggelan (23) nerangake pitutur Bapake Pambalang Tamak marang anake. Pitutur mau kawetu sadurunge patine. Sasuwene iki ora kurang-kurang anggone Bapak nuturi anake supaya mandheg anggone tumindak maksiyat.

#### **4) Taberi**

Taberi yaiku sregep utawa tlaten (Poerwadarminta, 1939:591). Salah sawijine sifat taberi dicritakake sajrone CPT kaya punggelan (11) ing ngisor iki:

(11) Boten tebih saking padununganipun wonten satunggaling tiyang dhusun, saking sangeting taberi, ngantos anjalari sugih, boten wonten ingkang nandhingi salebeting dhusun ngriku. Menggah kasugihanipun kajawi wujud griya ageng sapakaranganipun, raja kaya, sabin tuwin pategilan inggih gadhah, malah raja kaya asring kaeletaken labet saking tirah, sabin sarta pategilan salong dipunpalihaken. Tiyang dhusun wau kalebet tiyang tani utun, kajawi nyambut damel tuwin anggemeni yatra sampun boten malih-malih (CPT, 3, kaca 16-17).

Wong dhusun manggon ora adoh saka omahe Pambalang Tamak. Wong dhusun dicritakake minangka salah sawijine pawongan kang taberi, sregep lan tlaten anggone nyambut gawe. Sifat mau sing ndadekake dheweke dadi wong kang sugih, senjata mung wong tani,

nanging saka kasregepane mau dheweke bisa tuku omah gedhe, raja kaya, sawah lan tegalan.

#### **5) Ngajeni liyan**

Ngajeni asale saka tembung aji yaiku reregan, dene ngajeni tegese ngregani utawa ngurmati (Poerwadarminta, 1939:376). Cara-cara kang bisa dirtindakake kanggo ngajeni liyan yaiku nganakake pirembugan. Pirembugan yaiku guneman kanggo ngrembug sawijine prekara (Poerwadarminta, 1939:498). Pirembugan kang ditindakake paraga Sang Prabu ana ing punggelan (12):

(12) Nuju satunggaling dinten, Sang Prabu karsa ngelih balé bandhung, ingkang wau balé bandhung punika dumunung ing pinggiring alun-alun, .... Karsanipun badhé dipuningser manengah, sarta badhé dipunagengaken, .... murih saé sarta sampun ngantos kekathahen telasing waragad, kedah-kedah dipunrembag ing ngajenganing tiyang kathah. Kalampahan Sang Prabu dhawuh ngalempakaken tiyang ing salebeting nagari Karangasem sadaya, sami dipundhuti titimbangan, kadospundi sakécaning panindakipun .... (CPT, 12, 84-85).

Pirembugan sajrone kasusastran CPT dadi salah siji carane Sang Prabu kanggo ngajeni utawa ngurmati rakyat ing Karangasem. Anane adicara kuwi dadi saranane rakyat Karangasem medhar pamikiran. Pamedhare pamikiranane rakyat dianggep wigati murih tentreme negara. Pirembugan kang ditindakake dening warga ing Karangasem mujudake piwulangan kang becik amarga pirembugan minangka cara kang paling wicaksana kanggo mungkasi sawijine prekara.

#### **6) Setya lan tanggungjawab**

Setya yaiku sikap saguh bakal setya tuhu (Poerwadarminta, 1939:567). Sikap prasetya sajrone CPT digambarake lumantar paraga Bojone Pambalang Tamak. Punggelan (13)) ing ngisor iki bisa dadi bukti.

(13) Pambalang Tamak jaler éstri nunten tata-tata badhé késah, namung ambekta panganggé sapangadég, tuwin yatra sangu sacekapipun, lampahipun ngilén, badhé dhateng ing tanah Bangli (CPT, 13, kaca 93).

Punggelan (13) nyritakake prasetyane bojone Pambalang Tamak nalika kekarone katundhung saka Nagara Karangasem. Kekarone banjur tata-tata arep ninggalake nagara Karangasem. Prekara kasebut mbuktekake kasetyane bojone Pambalang Tamak amarga nalika sing lanang nampa pacoban, sing wadon tansah nunggoni.

#### **7) Netepi janji**

Netepi janji kalebu piwulang moral kang becik, sajrone CPT dicritakake lumantar paraga Sang Prabu.

(14) Sang Prabu .... pangandikanipun: O, iya ingsun kang luput Bagawan. Wiwit ing dina iki ingsun uga bakal ngrembug sakéhing atur ira.

Pambalang Tamak matur: kawula nuwun Gusti, ingkang wau adalem kagét, déné kucing adalem sampun nahi, kalih anakipun. ingkang satunggal wanci badhé adalem unjukaken ing ngarsa dalem, kénginga kanggé panglipur panggalihipun rayi dalem Sang Praméswari ing témbé wingking.

Sang Prabu sanget dukanipun. Nanging saréhning éngget prajangjian kedah-kedah anggalih sadaya atur, .... panggalih meksa kasabaraken, boten ngantos kalajeng duka ... (CPT, 2, kaca 11-12).

Sang Prabu kang ngrungu lapuran kasebut ngempet duka lan nyoba ngreti yen Pambalang Tamak lagi wae kaangkat minangka Begawan, bisa wae durung ngreti apa kuwajibane. Sang Prabu banjur janji arep ngrembug apa-apa kang dilapurake dening Pambalang Tamak.

#### **8) Amanah**

Amanah yaiku prekara kang dititipake supaya diaturake marang liyan (Tim Penyusun Kamus Pusat Bahasa, 2008:47). Paraga sajrone CPT kang nduweni sipat amanah bisa diweruhi saka punggelan (15) ing ngisor iki:

(15) Kacariyos Sang Prabu ing Karangasem, sampun dipununjuki uninga yén Pambalang Tamak sampun tobat, .... Sang Prabu welas, éngget dhateng lalabetaning bapakipun nalika taksih gesang, sanalika lajeng utusan satunggaling punggawa .... Ingkang kautus matur sandika lajeng mangkat. Dumugi ing kuburan, andhawuhaken timbalaning Sang Prabu (CPT, 1, kaca 6).

Paraga kang dicritakake nduweni wewatekan amanah sajrone CPT adhedhasar punggelan ing ndhuwur yaiku para punggawa.

#### **9) Julig**

Julig yaiku nindakake piala (Poerwadarminta, 1939:94), dene kajuligan yaiku kapinteran bab kang ora becik (Poerwadarminta, 1939:177). Julig sajrone CPT mujudake tema mayor awit sekabehane perangan irah-irahan nyritakake kajuligane paraga Pambalang Tamak kaya punggelan (16).

(16) Lalampahan makaten punika sumerepan dhateng Pambalang Tamak, ing batos Pambalang Tamak wicanten: Iladalah. Iki kabegjan arané, wong kang kaya mangkono iku ngadat gampang diloropaké marang karusakan. .... Beciké aku daknemoni para botoh dhisik ing sajroning nagara, padhaa sekaitan ambudi daya bisané wong iku kalah enggoné ngabotohan sarta panas atiné. Prakara gelemé ngabotohan, kaya-kaya bisa aku ngajak. Ing tembé manawi wus andungkap seneng marang ngabotohan iku, dakajaké golék sarana pamenanging ngabotohan

marang guru gendruwo, aku kang bakal mindha-mindha dadi gendruwoné (CPT, 3, kaca 17).

Pambalang Tamak meri marang kasugihane Wong dhusun kang arupa omah gedhe, raja kaya, sawah, lan lemah. Dheweke banjur nggawe rekadaya supaya Wong dhusun tiba mlarat, tujuwane supaya bisa ngasilake dhuwit kena kanggo ngabotohan.

#### 10) Nyebal kasusilan

Susila yaiku tata pranatane kalakuwan kang becik (Poerwadarminta, 1939:583). Sajrone masyarakat Jawa ana tumindak kang diarani nyebal kasusilan, yaiku tumindak kang ora becik. Tumindak mau ing antarane yaiku main utawa ngabotohan kaya punggelan (17):

(17) Jujuling pangangen-angen jalaran saking tansah anggagas kasenenganing tiyang ngabotohan, sanalika Pambalang Tamak kimat malih pakaremanipun. Méh boten wonten dinten tawang, rintén dalu tansah ngabotohan kemawon (CPT, 1, kaca 4).

Pambalang Tamak minangka paraga utama sajrone CPT dicritakake nduweni wewatekan kang ala. Saben dina sabane papan ngabotohan.

#### 11) Seneng ngapusi lan gampang diapusi

Ngapusi saka tembung andhahan apus. Apus padha tegese karo goroh, yaiku kandha sing ora satemene (Poerwadarminta, 1939:17). Tumindak seneng ngapusi sajrone CPT dicritakake lumantar pamaragane paraga Pambalang Tamak sabojone kaya punggelan (18):

(18) Énjingipun tiyang dhusun adus kramas tuwin sasaji, manut sapitedah ing Sang Bagawan. Dalunipun ing wanci tengah dalu nenepi ing andhaping kwéni, cangkem tansah andremimil, nedha dhatengé gendruwo, ingkang amba urek sapakarangan. Pambalang Tamak sampun sadhiya, andheliking rurungkud celak kaliyan wit kwéni, mindha-mindha gendruwo. Sareng mireng eméling tiyang dhusun wola wali, lajeng nyauri kanthi swara langkung déning ageng, kaangkah-angkah sampun ngantos katawis yén punika swarané (CPT, 4, kaca 27).

Pambalang Tamak mrentah menyang wong dhusun supaya nyembah marang guru gendruwo, kamangka guru gendruwone ora liya Pambalang Tamak dhewe. Wong dhusun manut, nuduhake yen dheweke kalebu wong kang gampang diapusi.

#### 12) Mblenjani janji

Mblenjani janji sajrone kasusastran CPT ditindakake dening paraga Pambalang Tamak. Bab kasebut bisa diweruhi saka punggelan (19) ing ngisor iki:

(19) Pambalang Tamak manah-manah sawatawis dangunipun lajeng matur: Gusti, sih wilasa dalem ingkang linangkung punika adalem ugi purun ngampéni kanthi senenging manah. Adalem

prajangji, boten badhe nglampahi pandamel maksiyat malih-malih (CPT, 1, kaca 7-8).

Sawetara wektu Pambalang Tamak pancen mandheg nindakake tumindak maksiyat, ananging suwene-suwe dheweke rumangsa bosen.

Wusanane dheweke bali nglakoni tumindak maksiyat, mblenjanji janjine marang Bapake lan Sang Prabu.

#### 13) Ngebreh utawa boros

Tumindak ngebreh sajrone CPT dicritakake lumantar paraga Pambalang Tamak adhedhasar punggelan (20) ing ngisor iki:

(20) Boten ngemungaken ngabotohan kémawon ingkang dipunlampahi, nenedha samukawis ingkang amborosi inggih dipuntemah, boten mawi pilih-pilih, anjalari boten watawis lami bandhanipun telas sadaya, wusana dhawah ing kamlaratan tanpa upami (CPT, 1, kaca 5).

Pambalang Tamak nduweni wewatekan boros yen mblanjakake dhuwite amarga oleh abndha donya tinggalane Bapake. Saliyane iku, dheweke uga kerep oleh dhuwit saka asile mitenah utawa maeka liyan.

#### 14) Srei

Srei padha karo drengki yaiku kumudu-kudu njaluk menang (Poerwadarminta, 1939:588). Wewatekan srei bisa nuwuhake tumindak ngloropake liyan kaya punggelan (21) ingisor iki:

(21) Ing samargi-margi dipunwicanteni makaten: saiki kowé wus ngrasakaké dhéwé senengé wong ngabotohan. Yén panuju menang kaya mangkéné iki, panggaotan apa kang bisa madhani .... Mungguh ing panemuku, becik banjurna enggonmu ngabotohan aja nganggo lérén. (CPT, 3, kaca 21)

Paraga Pambalang Tamak dicritakake ngloropake paraga Wong dhusun menyang kamlaratan. Tumindak kang kaya mangkono amarga Pambalang Tamak srei karo kasugihane Wong dhusun.

#### 15) Mutung

Mutung asale saka tembung putung yaiku emoh melu rerembagan (Poerwadarminta, 1939:509). Tumindak mutung sajrone CPT bisa diweruhi saka paraga Pambalang Tamak lan bojone kaya punggelan (22) ing ngisor iki:

(22) Nuju satunggaling dinten, panuju Pambalang Tamak sedhih, jalaran boten gagadhahan saigar-igara, tekading manah sedya ngalu pejah, badhe tugur nenggani kuburing bapakipun, boten nedya nedha sarta boten ngombé ngantos dumugining pejah pisan. Inggih éstri makaten ugi, tansah ngaléléhing jogan griya, boten kuwi nyambut damel (CPT, 1, kaca 5-6).

Sawise bandha donya tinggalane Bapake entek, Pambalang Tamak malah mutung, ora gelem ngupaya nyambut gawe kanggo nyambung urip.



### **16) Umuk**

Umuk yaiku sipat ngunggul-unggulake kaluwihane dhiri pribadhi (Poerwadarminta, 1939:). Sipat umuk ora kena tiniru awit bakale nekakake kasusahan kaya paraga Sang Prabu ing punggulan (23) ngisor iki:

(23) Sang Prabu nunten jumeneng, tindak dhateng ing kadhaton, anjujug ing papan pangrimatan racun. Wadhah racun dipunbikak, kailing sakedhik wonten ing cupu, pangandikanipun: jajal aku daknyoba ngombé sathithik, kiraku pancén aber dayané racun iki. Yén Pambalang Tamak ora mati déning racun iki, aku manéh yén matia, sabab sasektiné Pambalang Tamak, masthi isih sekti aku (CPT, 16, kaca 109-110).

Pambalang Tamak sowan menyang kedhaton, Sang Prabu banjur ngelungake cupu kang isine racun. Sang Prabu kepengin Pambalang Tamak ngombe racun kasebut. Sang Prabu nggumun, geneya Pambalang Tamak ora mati sarana ngombe racun iku. Sang Prabu banjur nyombongake awake dhewe, yen Pambalang Tamak ora mati ateges dheweke uga ora bakal mati. Wusanane Sang Prabu ngombe racun kasebut, ora suwe banjur nggeblak mati.

### **17) Nyolongan**

Nyolong mujudake tumindak kang ala. Wong kang senengane nyolong sinebut maling utawa durjana. Durjana uga disebutake sajrone kasusastran CPT kaya punggulan (24) ing ngisor iki:

(24) Wonten teliking durjana panuju lumampah ing sandhingé griyanipun Pambalang Tamak gadhah cipta makaten: Kaya akéh émpéré Pambalang Tamak iku duwé tinggalan bandha tan pawilangan kéhé, marga nalika uripé, kajaba akéh kauntungané paparingé Sang Prabu kang wus suwarga tansah lumintu tanpa kandhat. Becik aku mulih tumuli, nemoni kanca-kancaku kabéh, mengko bengi kira-kira kaliwat tengah wengi dakjaké ngampak mréné, masthi bakal oléh bandha, kang cukup dakpangan sakancaku kabéh ing salawas-lawasé (CPT, 16, kaca 111-112).

Punggulan ing ndhuwur nyritakake lelakone para durjana sing kepengin nyolong bandha tinggalane Pambalang Tamak, ananging pungkasane malah para durjana mau kudu nguburake mayit amarga ngrobag sing dikira isine harta jebule isine mayite Pambalang Tamak.

### **18) Ora ngreti subasita**

Subasita yaiku tata kramane pasrawungan (Poerwadarminta, 1939:576). Tuladhane pawongan kang ora ngreti subasita yaiku paraga Pambalang Tamak sajrone kasusastran CPT ing punggulan (25):

(25) Ing sanés dinten malih kaleres wancinipun Sang Prabu saré siyang, Pambalang Tamak sowan, andhodhog-dhodhog kori, kados déné, badhé ngaturaken prakawis ingkang perlu sanget, boten kenging dipunsumadosi. .... Jejereng prakawis boten sanés inggih namung bab cemeng kalih ingkang sampun adalem aturaken nalika rumiyin. Saréhning namung ceméng satunggal ingkang badhé adalem unjukaken, adalem nyuwun dhawuh katrangan dalem ceméng ingkang pundi ingkang panjenengan dalem karsakaken ... (CPT, 2, kaca 13).

Sawise dipatrapi pangkat Bagawan, Pambalang Tamak malah nuduhake kalakuwan kang ora pantès. Apa maneh anggane teka nalika Sang Prabu dhahar lan sare siyang. Wiwit dina iku uga Pambalang Tamak dilerenake saka Pangkat Bagawan.

### **19) Sujana**

Wewatekan sujana sajrone CPT digambarake lumantar paraga Sang Prabu lan Rakyat ing Karangasem. Paraga sajrone CPT kang sujana dicritakake lumantar punggulan (26) ing ngisor iki:

(26) Sareng sampun mungel jam kalih welas, Sang Prabu rawuh, kadhérékaken ing tiyang kathah saking wana, sami agiyak-giyak, alok-alok badhé nedha éca ing balé bandhung. Pambalang Tamak methukaken, sadaya sami kacaraké majeng, linggih ngadhep papancénipun piyambak-piyambak. Nanging ingkang dipunacarani kipa-kipa boten purun, wicantenipun: Apa aku dianggep wong édan, teka gelem dikonmangan tai asu kaya mangkono. Embuh yén Pambalang Tamak dhéwé. Aku wani totohan, yén nyata Pambalang Tamak gelem mangan tai asu iku, aku narima kélangan dhuwit kanggo opah taané mangan (CPT, 7, kaca 52).

Adhedhasar punggulan (76), paraga kang nduweni wewatekan sujana yaiku paraga Sang Prabu lan Rakyat ing Karangasem. Kedadeyan kang nuduhake wewatekan sujana nalika Sang Prabu lan Rakyat ing Karangasem nduwe pangira-ira yen panganan kang disedhiyakake yaiku tai asu.

### **20) Dhendham**

Dhendham yaiku pangrasa kepengin males tumindake liyan. Pangrasa dhendham bisa tuwuh amarga tau dilarani liyan, mulane ana rasa kepengin males tumindak kaya mangkono. Wewatekan dhendham digambarake lumantar punggulan (27) ing ngisor iki:

(27) Sang Prabu mireng atur makaten punika sangerenaning panggali, pangandikanipun: Dhasar nyata mangkono kang sun karsakaké. Nanging kapriyé rekané, murih kadadéyan kaya aturira iku.

Wruhanira, kajuligané Pambalang Tamak nguwih isa kancanira kabeh, yén mung dibubuhi pipikulan kang réméh-réméh baé, kaya-kaya gampang pangingeré. Sisip sembiré ambalik wicara, anjaluk bebeneran kang mawa dendhan, ora wurung bakal gawé sangsaraning wong akéh. Mulané ing samengko becik padha dipikir kang temen-temen, bab kang endi kang sakira bisa gawé aboting sasanggané Pambalang Tamak iku (CPT, 7, kaca 49).

Adhedhasar punggelan ing ndhuwur, paraga Sang Prabu nduweni pangrasa dhendham klawan Pambalang Tamak. Anane pangrasa dhendham mau amarga Pambalang Tamak tansah maeka liyan, njaluk dhuwit dhendhan amarga ngrasa bener kang pungkasane agawe sangsarane wong akeh.

### **Patuladhan Moral sajrone CPT**

#### **Moral kang kena kanggo patuladhan**

Kasusastran CPT ngemot moral kang kena kanggo patuladhan utawa piwulang moral kang becik. Morale yaiku: (1) Wicaksana; (2) Seneng nulung; (3) Menehi pitutur kang becik; (4) Taberi; (5) Ngajeni liyan; (6) Setya lan tanggungjawab; (7) Netepi janji; lan (8) Amanah.

#### **Moral kang ora kena kanggo patuladhan**

Kasusastran CPT ngemot moral kang ora kena kanggo patuladhan utawa piwulang moral kang ala. Moral kang ora kena kanggo patuladhan mau yaiku: (1) Julig, (2) Nyebal Kasusilan, (3) Seneng ngapusi lan gampang diapusi, (4) Mblenjani janji, (5) Ngebreh utawa boros, (6) Srei, (7) Mutung, (8) Umuk, (9) Nyolongan, (10) Ora ngreti subasita, (11) Sujana, (12) Dhendham.

### **Panutup Dudutan**

Cariyosipun Pambalang Tamak (CPT) mujudake kasusastran Jawa klasik cap-capan taun 1921 dening Bale Pustaka. Kasusastran CPT diripta dening Raden Suyitna Martaatmaja. Kasusastran CPT kang dadi objek panliten iki sumimpen ana ing Perpustakaan Jurusan Pendhidhikan Bahasa Dhaerah, Universitas Negeri Surabaya. Kasusastran CPT dumadi saka nem belas perangan irah-irahan lan tinulis nggunakake aksara Jawa. Nem belas perangan irah-irahan mau nuduhake alur sajrone CPT yaiku (1) dipuntilar pejah dening bapakkipun lajeng dados bagawan, (2) pambalang tamak kakendelaken saking pangkat bagawan, (3) tiyang dhusun kalebet ing loropan, (4) guru gendruwo, (5) pambalang tamak mitenah tiyang-tiyang ing peken, (6) ayam angrem, (7)

madumangsa, (8) pamenang ing ambebedhag, (9) lumban, (10) pambalang tamak ngapusi sang prabu, (11) griyanipun pambalang tamak kadhawuhan ngisingi, (12) ngelih bale bandhung, (13) pambalang tamak katundhung dhateng ing sanes nagari, (14) pambalang tamak katundhung sarana nyabrang ing saganten, (15) pambalang tamak dipunracun, (16) sang prabu nemahi desa sarta kramatipun pambalang tamak. Paraga sajrone CPT yaiku Bapake Pambalang Tamak, Bojone Pambalang Tamak, Sang Prabu, Sang Prameswari, Wong ing peken, Wong Dhusun, Bojone Wong Dhusun, Sang Patih, Para Punggawa, Para Abdi, Mbok Randha, lan Para Durjana, dene konflik kang dumadi ing antarane konflik batin lan konflik sosial.

Gegambaran masyarakat lan piwulang moral sajrone CPT ditindingi nganggo tindingan sosiologi sastra. Gegambaran masyarakat kang tinemu kaperang dadi loro, yaiku golongan masyarakat sajrone CPT lan tradhisi masyarakat sajrone CPT. Golongan masyarakat sajrone CPT yaiku 1) golongan priyayi kang digambarake lumantar paraga Sang Prabu lan Bagawan lan 2) golongan wong cilik kang digambarake lumantar paraga Wong dhusun. Tradhisi masyarakat sajrone CPT yaiku slametan. Piwulang moral sajrone CPT ana 20 yaiku 1) wicaksana; 2) seneng nulung; 3) menehi pitutur kang becik; 4) taberi; 5) ngajeni liyan; 6) setya lan tanggungjawab; 7) netepi janji; 8) amanah; 9) julig; 10) nyebal kasusilan; 11) seneng ngapusi lan gampang diapusi; 12) mblenjani janji; 13) ngebreh utawa boros; 14) srei; 15) mutung; 16) umuk; 17) nyolongan; 18) ora ngreti subasita; 19) sujana; 20) dhendham. Piwulang moral kasebut bisa diperang dadi loro yaiku 1) moral kang kena kanggo patuladhan, lan 2) moral kang ora kena kanggo patuladhan. Moral kang kena kanggo patuladhan yaiku 1) Wicaksana; 2) Seneng nulung; 3) Menehi pitutur kang becik; 4) Taberi; 5) Ngajeni liyan; 6) Setya lan tanggungjawab; 7) Netepi janji; lan 8) Amanah. Moral kang ora kena kanggo patuladhan yaiku: 1) Julig, 2) Nyebal Kasusilan, 3) Seneng ngapusi lan gampang diapusi, 4) Mblenjani janji, 5) Ngebreh utawa boros, 6) Srei, 7) Mutung, 8) Umuk, 9) Nyolongan, 10) Ora ngreti subasita, 11) Sujana, 12) Dhendham.

### **Pamrayoga**

Panliten iki isih adoh saka kasampurnan. Panliten sabanjure kang nggunakake objek iki diajab bisa luwih sampurna, mula kritik lan saran dibutuhake kanggo sampurnane panliten sabanjure. Panliten dikarepake bisa dadi *referensi* tumrap panliten sabanjure kang saemper. Saliyane iku, asil saka panliten iki dikarepake bisa menehi piguna lan nambahi kawruh tumrap panliti lan pamaca. Piwulang kang kinandhut sajrone kasusastran Cariyosipun

Pambalang Tamak anggitane Suyitna Martaatmaja bisa kanggo tepa tuladha sajrone urip ing bebrayan.

### **Kapustakan**

- Luxemburg, Jan Van dkk. 1982. *Inleiding in de Literatuurwetenschap*. Muiderbegr: Dick Coutinho B.V. Uitgever (jarwan basa Indonesia dening Hartoko, Dick. 1989. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: PT Gramedia).
- Padmosoekotjo, S. 1955. *Ngengngrengan Kasusastran Djawa I*. Djogdja: Penerbit Hien Hoo Sing.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Bausastra Jawa*. Batavia: JB Wolters Uitgevers Maatschapfij.
- Purnomo, Bambang S. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Perwira Media Nusantara.
- Ras, JJ. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafiti Press.
- Siswanto. 2010. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Sugiyono. 2010. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta.
- \_\_\_\_\_. 2014. *Memahami Penelitian Kualitatif*. Bandung: Alfabeta.
- Suwarni. 2013. *Sastra Jawa Pertengahan*. Surabaya: Perwira Media Nusantara.

